ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№120 (23.028) • 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 25, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ХэкІыпІэхэр зэпашэч

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ республикэм и щІыналъэщым - Бахьсэн, Прохладнэ, Шэджэм районхэм щыІащ.

ЯПЭЩІЫКІЭ КІуэкІуэ Юрий щыгъуазэ зищІащ Зеикъуэ къуажэм дэт еджапІэ-интернат №1-м и Іуэху зыІутым, сабийхэр щрагъаджэ, абыхэм зыщагъэпсэху пэшхэр къыпІэныхьащ, пщэфІапІэхэм, шхапІэхэм я щытыкІэр зригъэлъэгъуащ, икІащІыпІэкІэ гьэзэкІуэжьыпхъэ ныкъусаныгъэхэм гу лъаригъэтащ.

КъыкІэлъыкІуэу КъБР-м и Іэтащхьэр ХьэтІохъущыкъуей къуажэм дэт кадет школым кІуащ. Мыр еджапІэщІэщ, нэгъабэ и зыщыхьэуІу маздэм къыздІуахауэ араща. Школым и зэфІэувэкІэм, нобэ ирихьэлІэу зэфІэгъэкІа хъуахэм, зыхуэныкъуэхэм зыхигъэгъуэзащ республикэм и УнафэщІым. Лэжьакіуэхэм щепсэльыпІэм, КІуэкІуэ Юрий кьигъэлъэгъуащ еджапІэм щы зыхэгъэпашэ зэрИыгъыр, ар къалъытэу и псэуалъэхэми, и зэфІэкІми зрагъэубгъуну Іэмал зэрыщыІэр. Школым и унафэщІхэми ар дАыгъащ, сыту жыпІэмэ абы щІэтІысхьэну хуейхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ.

Прохладнэ дэт школ-интернат №94-м щаІыгъхэр я зыужьныгъэкІэ я ныбжьхэм къакІэрыхуэ сабийхэращ. Ахэр 104-рэ мэхъу, егъэджакІуэрэ гъэсакІуэу 38-м егъэбыдылІащ. КІуэкІуэ Юрий интернатым и ІуэхущІафэхэм щыгъуазэ зищІащ, зыгъэпсэхугъуэ зэманым кьурыбыдэу нэхъыщхьэу зэфІагъэкІыпхъэхэм я гугъу ищІащ.

Нартан къуажэм дэт школ-интернатым щыкІуам, республикэм и Іэтащхьэм къигъэлъэгъуащ абы и унафэщІхэми и лэжьакІуэхэми зэрахуэзарэзыр, сабийхэр щрагъаджэ пэшхэр зэрыІэхуитпъэхуитыр, зыхуей-зыхуэныкъуэхэмкІэ къызэрызэгъэпэщащ. КІуэкІуэ Юрий ахэри къыхуриджащ я лэжьыгъэр къамыгъэтІэсхъэну, Іуэхум сэбэн хузэхъу Іэмалхэмрэ хэкІыпІэхэмрэ дяпэкІи зэпэшэчауэ къагъэсэбэпыну.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Дыгъуасэ

КъБР-м и Правительствэм и Унэм КІуэкІуэ Ю. А. дыгъуасэ лэжьыгъэ Іуэхукіэ щыІущІащ «Урысейм и Хъумапіэ банкым» и вице-президент Колтыпин П. Н.

КъБР-м и Іэтащхьэм мыхьэнэшхуэ иІэу къилъытащ республикэм и экономикэм зегъэужьыным «Урысейм и Хъумапіэ банкым» хуищІ хэлъхьэныгъэм, апхуэдэуи кьыхигъэщащ унэтІыныгъэ нэхъыщхьэ зыбжанэм дяпэкІи щыІэздэлэжьэныр щІэгъэхуэбжьэн зэрыхуейр.

АХЭР тепсэлъыхьащ лъэныкъуэхэм я фейдэ хэлъу промышленнэ, мэкъумэш Іэнатіэхэм щызэздэлэжьэныр теухуа Іуэхухэм.

ЗэІущІэм хэтащ «Урысейм и Хъумапіэ банкым» и Ипщэ-Къухьэпіэ, Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэхэм я унафэщІхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

Аруан псым и лъэгур ягъэкъабзэ

КъБР-м щІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министр Газаев Мухьтар зи пашэ Іэщіагъэлі гупыр еплъащ Химик дачэ хозяйствэм хуэзэу Налшык псыр Аруан щыхэхуэжьым деж щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм.

УЭРУ ежэх Налшык а щІыпІэм деж хэм зэрыщыхъум кьыхэкІыу гъэ къэс ятІэрэ пшахъуэу куэд щыІэтрехьэ икІи псыр поселкэм и унэхэм ящІоуэ.

Апхуэдэ къэмыхъун папщІэ иджыпсту Аруан, Налшык псыхэм я лъэгур метр 1780-м кьриубыдэу ягъэкъабзэ, Налшык псым и жапІэр нэхъ захуэ ящІ. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр мы мазэм кьриубыдэу зэфІагъэкІыну я мурадщ. Абы текІуэдэнущ сом мелуани 4-м нэблагъэ.

ШАКЪ Заринэ,

КъБР-м ЩІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущіапіэм и лэжьакІуэ.

КІапсэ гъуэгущІэр щІадзауэ зэтрагъэувэ

Турист-рекреацэ теплъэ зиІэ экономикэ щІыналъэ щхьэхуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым хиубыдэм - Іуащхьэмахуэ и бгъуэщІым - укъуэдиин щыщІадзащ КІапсэ гъуэгум и ещанэ Іыхьэу «Мир» станцымрэ «Гара-Баши» станцымрэ зэпызыщІэнур. Ар дызыхуэкІуэ щІымахуэ лъэхъэнэр къыщыдзэІуахым ирихьэлІэу хьэзыр ящІыну я мурадщ.

ГЪУЭГУЩІЭМ и япэ станцыр метр 3455-рэ зи лъагагъ щІыпІэм, етІуанэ станцыр метр 3847-рэ зи лъагагъ щІыпІэм щыІэнущ, езы КІапсэ гъуэгум метр 1675-рэ и кІыхьагъэу щытынущ. КІапсэ гъуэгур яІыгынущ пкъо абрагъуэу 12-м. Лэжьэн щыщІидзэм ирихьэлІэу абы сыхьэт къэс цІыху 750-рэ иризекІуэфынущ, адэкІэ нэхъ кІуэтэмэ, КІапсэ гъуэгум и зэфІэкІым хуэдитІкІэ хагъэхъуэну я мурадщ. Іуащхьэмахуэ дэкІ КІапсэ гъуэгум и ещанэ Іыхьэм и Іьагагъымкіэ хуэбгъэдэн Урысейми Европэми щыІэнукъым.

- Іуащхьэмахуэ дэкІ КІапсэ гъуэгур и шынагъуэншагъэмкІи и фІагъымкІи дунейпсо мардэ нэхъ лъагэ дыдэхэм къозэгъ, - жеІэ «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам ухуэныгъэмкІэ и дирекцэм и унафэщІ Зверевэ Наталье.

Монтаж лэжьыгъэхэр Іыхьищу гуэшауэ ирагъэкІуэкІынущ. Япэ Іыхьэм хеубыдэ КІапсэ гъуэгур зыгъэлажьэ операторхэр зыщІэсыну псэуалъэхэр. ЕтІуанэ Іыхьэр ухуэныгъэм и Іэнатіэ псори электрокъарукІэ кьызэгъэпэщащынущ. Абы иужькІэ цІыхухэр зэрызекІуэну гондолэхэр кьрашэлІэнурэ, ахэр дыззрыт илъэсым и жэпуэгъуэ мазэм фІэмыкІыу ягъэувынущ. КІапсэ гъуэгур гъэунэхуэн яухынущ щэкІуэгъуэ мазэм кьриубыдэу.

Мы лэжьыгъэхэри хэту, Іуащхьэмахуэ и курортым зегъэужьыным пыщІа лэжьыгъэхэм трагъэкІуэдэн папщІэ 2015 гъэм кьриубыдэу «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам сом зы мелардым щІигъу къиутІыпщынущ. Псори зэхэту а Іуэхущіапіэм мы щІыналъэм зегъэужьыным 2020 гъэм нэсыху сом меларди 6-м щІигъу тригъэкІуэдэнущ.

«Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-м и пресс-Іуэхущіапіэ.

«Тэрчналмэс» Іуэхущіапіэм фІагъым и дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэр къыхуагъэфащэ

ЛІэужь Адэлбий

Урысейм и товар, Іуэхутхьэбзэ, технологие нэхъыфІхэр пхыгъэкІынымкІэ лъэпкъ программэм хиубыдэу Урысей Федерацэм и Правительствэм, Урысей Федерацэм и Президентым и Администрацэм, Техническэ Іуэхухэмрэ метрологиемкІэ федеральнэ агентствэм, УФ-м и Сату-промышленнэ палатэм я дэІэпыкъуныгъэкІэ гъэ къэс «Урысейпсо фІагъ. XXI лІэщІыгъуэм фІагъымкІэ и дамыгъэ» дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ-зэпеуэу Москва къыщыдэрагъэпэщым и 33-нэ зэхыхьэм и лауреат хуащ «Тэрчналмэс» акционер зэгухьэныгъэ зэІуэхар.

А ІУЭХУЩІАПІЭМ промышленностым и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм, геологие къэхутэныгъэхэм къыщагъэсэбэп налмэс Іэмэпсымэу къыщІигъэкІхэр 2014 гъэм фІагъым и дыщэ дамыгъэр хуэфащэу къалъытауэ щытащ. Иджы гъэлъэгъуэныгъэм и эксперт комиссэм и унафэкІэ а продукцэм конкурсым и дамыгъэ нэхъыщхьэ дыдэр - фІагъым и платинэ дамыгъэр къратащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ предприятэ нэхъыфІ дыдэхэм ящыщ зым апхуэдэ ехъулІэныгъэ къызэрихьар зи фЫщІэр Іуэхущіапіэм и генеральнэ директор, КъБР-м и Парламентым и депутат ЛІэужь Адэлбий зи пашэ лэжьакІуэ гупырщ. Іуэхущіапіэм лэжьыгъэпэхуэ щрагъэкІуэкІ Іэнатіэхэр къэтлэщІэрэщІэжьынымрэ, техникэмрэ технологиемрэ егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ.

«Ди продукцэм фІагъым и платинэ дамыгъэр къызэрыратам куэдкІэ хегъахъуэ щэхуакІуэхэми Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщІхэми я пащхьэ щытхъ жэуапыр, - къыджаІащ предприятэм и унафэщІым. - Дэ хуитыныгъэ къыдатащ ди продукцэм щыщу лІэужьыгъуитІым фІагъым и платинэ дамыгъэ тедгъэувэну. Абы къикІыр а Іэмэпсымэхэр дуней псом щащІ апхуэдэ продукцэм зэрефІэкІырщ. Абы кьыхэкІыу ди продукцэр зыщІэхухэм къахэхъуэну, къэрал кІуэцІ сатум къыдэкІуэу, дунейпсо рынокым дыхьэхьэфыну догугъэ».

КІУАНТІЭ Замир,

Тэрч районым и щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущіапіэм и лэжьакІуэ.

Аргуэру къаугъэ къокІ

США-м Лъэпкъ шынагъуэншагъэмкІэ и агентствэр Франджым и иужьрей унафэщІэу Ширак Жак, Саркози Николя, Олланд Франсуа сымэ къаІэрыкІэлъыІэлъэлъар, телефонкІэ щыпсалъэкІэ къаІэрыкІэщІэдэІухьар 2013 гъэм кьыщІэщауэ щытащ.

Абы къаугъэшхуэ кьикІа нэужь, Америкэм а хьэгъэщагъэхэм кьыпыкІыну жиІэри, лъэныкъуэхэр абыкІэ зэгурыІуат. Иджы абы теуха псалъэмакъхэр къызэщІэстыжащ, уеблэмэ нэхъ гуащІи хъуащ.

«Ди тІасхъэщІэхэм иджыблагъэ къаІэрыхьащ американкэм а лэжьыгъэ фІейр иджыри зэрызэпамыгъэуам теухуа хъыбар, - жиІащ Франджым и правительствэм и лІыкІуэ Стефан Ле Фоль. - Президент Олланд Франсуа иригъэкІуэкІа зэІущІэм къыщащта унафэм ипкъ иткІэ США-м кІуэнущ Франджым и тІасхъэщІэх Іуэхущіапіэм и лІыкІуэр. Абы зэхигъэкІыну къыпэщытщ а Іуэхум теухуауэ къэралитІыр зэрызэгурыІуауэ щытахэр щІамыгъэзащІэр».

Данием и пенсионерхэр зыхуей хуозэ

«Melbourne Mercer» къэхутакІуэ агентствэм зэрилъытащ къэрал 25-м я пенсионерхэм я псэукІэр. Къэпщытэныгъэхэр щрагъэкІуэкІа къэралхэм исщІы хъурейм щыпсэухэм я процент 58-р.

Я пенсэм зыхуей псори кьахуэзэфІигъэкІрэ; зэблэу имылэу ахъшэр кьратрэ; щхьэж кьилэжьам тещІыхьауэ, захуагъэр и лъабжьэу хуагъэува пенсэхэр? Агентствэр яужь итащ жьы хуаехэм я Іуэху зыІутыр, гулъытэу ягъэутыр зыхуэдизыр а Іуэхущхьэхэр и лъабжьэу зэхигъэкІыну.

НаІуэ къыздэсыхьамкІэ, зи пенсэ Іэнатіэр нэхъ зэпэщІыр Даниерщ - абы и закъуэщ балл нэхъ лъагэ дыдэ зыхуагъэувар. Пенсэу ятыным а къэралым мылъкушхуэ хухех икІи а ахъшэр щІыху куэд дыдэм ятрегушэ, дэтхэнэми Іыхьэфі лъысу.

Я Іуэху зэрызэпэщымкІэ Данием и пенсионерхэм якІэлъокІуэ Австралиемрэ Нидерландхэмрэ щыпсэухэр. Абыхэми я пенсэ Іэнатіэхэр хъарзынэу зэтеухуащ икІи ефІэкІыныгъэ куэди яІэщ.

Пенсионерхэр зыхуей хуэзэу псэун щхьэкІэ, лажьэхэм я процент 70-м улахуэфІхэр яІэу, абыхэм хагъэкІхэр нэхъыжьхэм трагъэкІуадэу щытын хуейуэ къалъытэ «Melbourne Mercer» агентствэм и къэхутакІуэхэм. АбыкІэ зи Іуэху нэхъыфІхэм ящыщщ Даниер, Чилир, Нидерландхэмрэ Швециемрэ.

Къэпщытэныгъэхэр щрагъэкІуэкІа къэралхэм ящыщу зи Іуэху нэхъыкІэу къыщІэкІар Инджылызымрэ США-мрэ я пенсэ Іэнатіэхэрщ.

♦**Хьдзэлым и махуэщ**

♦**Статистикэм и лэжьакІуэм и махуэщ**

♦**Словение Республикэм и къэралыгъуэм и махуэщ**

♦**Хорватие Республикэм и къэралыгъуэм и махуэщ**

♦**Славянхэм я зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэтныгъэмрэ и махуэщ**

♦**Украинэм и таможеннэ Іэнатіэм и махуэщ**

♦1876 гъэм Америкэм щыщ бдзэжьеящэ **Енсен Альфред** дунейм щыяпэу и закъуэу къуэрыкІэ Атлантикэ хым зэпрысыкІащ.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр, егъэджакІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Филозов Альберт** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, Тимирязевым и цІэр зезыхьэ академием и профессор, КъШР-мрэ КъБР-мрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Агырбэ Юрий** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Адыгей усакІуэ, журналист **Нэхей Руслан** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Психологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, жылагъуэ лэжьакІуэ **Хъурей Леоренэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, МАИ-м и академик **Къэсей Борис** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Журналист, политикэ щІэныгъэхэм я доктор, «Волгоград-ТРВ» ГТРК-м и унафэщІ **КІэрашэ Аслъэнбэч** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Урысей шахматист, дунейм и 14-нэ чемпион, дунейпсо гроссмейстер **Крамник Владимир** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІальэ-пІальэкІэрэ уэшх къыщецихьынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 30, жэщым градус 21 - 23-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХУ Маринэщ.**

Нэхъыжьым и пщІэм, нэхъыщІэм и щэным, хахуэм и лІыгъэм, Іущым и щэхум, блэкІам и пэжымрэ нобэм и плъапІэмрэ анэдэлъхубзэ дахэкІэ кьытхутепсэлъыхь «Адыгэ псалъэр» дэтхэнэ адыгэ унагъуэми и Іэпэгъуу щытыпхъэщ.

ЗифІ зыгъэлъапІэу Іейр хэзыгъащІэ «Адыгэ псалъэр» уэращ, адыгэ лъэпкъ, щІыщыІэр!

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2015 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну газетхэм Іэ тедзэныр зэриухыр.

Ди газетым мазихым и уасэр сом 839-рэ кІэпІейкІэ 88-рэщ.

Ди индексыр 51531

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Дыщ мэжаджэ ІэфІщ.

● КъБР-м и Парламентым

ЩІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм къапэщыт Іуэхухэм хоплъэ

Егъэджэныгъэмкіэ, щіэныгъэмрэ щіалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ комитетым и жэрдэмкіэ КъБР-м и Парламентым щекіуэкіащ Іэнатіэ куэдым я лЫкІуэхэр къызыриХьэлІа зэІуІщэ. Ар зытеухуауэ щытар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щіэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм защІэгъэкъуэнырщ, абыхэм къалъыкъуэкІ гугъуехь пыухыкІахэр къызэнэкІынымкІэ хэкІыпІэхэр къэлъыхъуэнырщ.

КОМИТЕТЫМ и унафэщІ **Азычэ Светланэ** зэІущІэр къыщызэІухыим къыхигъэщъхьэхуКІащ УФ-м и экономикэм зегъэужьынымкІэ Іэмалыщіэхэр къэлъыхъуэныр, инновацІэ технологиехэр щІэгъэкъуэн къэщІыныр Іуэху нэхъыщхьэхэм зэращыщыр. Апхуэдэ бгъэдыхьэкІэщІэхэм я къежьапІэр, зэрыгурыІуэгъуэщи, щІэныгъэрщ, иджырей технологиехэр щІэгъэкъуэн къэщІыным псом япэу зи гур етауэ щытыр щІэныгъэлІхэмрэ Іэщіагъэлэхэмрэ я иджырей щІэблэрщ. Ауэ гу лъымытапІэ иІэкъым зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ щІэныгъэлІхэми зи гъащІэ псор зыпэрыт Іэнатіэм хуэзыгъэпсыну зи мураду яхэтхэр зэрымащІэм. Апхуэдэ щытыкІэм зэрыщыту щІэныгъэм и лэжьакІуэхэри къэрал властым и органэри егъэІейтей. «ЩІэныгъэ Іэнатіэм республикэм и щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэр зыщІрихьэлІэ гугъуехьэр уб3ыхунымрэ ахэр къыхэнэжІынымрэ гупЫытэ хэлъу бгъэдыхьэн хуейуэ къыщІэкІынщ», - жиІащ Азычэ Светланэ.

КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щіэныгъэмрэ щіалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІ **КІагуэ Іэминат** къыщыпсалъэм къигъэлъэгъуащ республикэм щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ и Іуэхущіапіэхэм зи ныбжьыр илъэс 35-м щІимыгъуа щІалэгъуалэу 2500-м нэблагъэ зэрыщылажьэр е я щІэныгъэм зэрыщыхагъахьуэр. Абыхэм ящыщу естественнэ, техникэ щІэныгъэхэм щІыпІ 400-р, социалькъуэ-гуманитар щІэныгъэхэм щІыпІ 2100-м нэблагъэр епхащ.

КъБР-м и ЩІэныгъэлІ, Іэщіагъэлі ныбжьыщІэхэм я советыр 2009 гъэм къызэрагъэпэщащэу щытащ. Абы къэхутакІуэхэм, гъэунэхуакІуэхэм, Іэщіагъэлхэм я федеральнэ, щІынальэ зэхьыхьэхэр къызэрегъэпэщ, республикэм и вузхэмрэ щІэныгъэ Іуэхущіапіэхэмрэ щыІэ щІэныгъэлхэм я зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр еубзыху.

ЗэфІэкІ къагъэлъагъуэ республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ и Іуэхущіапіэ щхьэхуэхэми. Абыхэм конференцэхэр ирагъэкІуэкІ, студентхэм, школакІуэхэм я щІэныгъэ зэгухьэныгъэхэр, щІалэгъуалэм я инновацІэ творчествэмкІэ центрхэр къыщызрагъэпэщ, зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ защІэгъэкъуэным хуэунэтІа Іуэхухэр зэхаублэ, фестивалхэр, зэпеуэхэр зэхашэ.

Ауэ, абыхэм къадэкІуэу, къэпсалъэм ныкъуасигъэ щхьэхуэхэри къигъэлъэгъуащ. Абыхэм ящыщу щІэныгъэ проект щхьэхуэхэм я конкурсхэр ахъшэ зэрамыІэм къыхэкІыу зэрызэхуащІыжар. Аращ республикэм и щІэныгъэлІхэр, щІалэгъуалэри абыхэм яхэту, зэлэжь къхэутэныгъэ щхьэхуэхэр къыщэтезыгъэувыІар. Абы и мызакъуэу, иджыпсту гулъытэ хэха зыхуэщІыпхъэщ гуманитар Іэнатіэм хиубыдэ щІэныгъэлІхэр - тхыдэр зыджэр, этнологэр, антропологэр тэмэму гъэхъэзырыныр. Нахь тегушхуауэ щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ я Іэнатіэхэм зэфІэкІ зыбгъэдэлъ щІалэгъуалэр къыхэшэн, иджырей щІэныгъэлІхэм - педагогхэм - я Іэнатіэхэм пэрыувэфын лэжьакІуэ ныбжьыщІэхэр гъэхьэзырын хуейщ.

Зытепсэлъыхь Іуэхум езыхэр зэрепльыр зэІуІщэм щыжаІащ КъБР-м и ЩІэныгъэлІ, Іэщіагъэлі ныбжьыщІэхэм я советым и унафэщІ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Хьэшыр Светланэ**, Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжь **Абазэ Алексей**, «КІуэкІуэ В.М. и цІэр зезыхъэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щІэныгъэлхэм я советым и унафэщІ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ советым хэт **Кущев Станислав** сымэ.

ЗэІуІщэм щыжаІахэм япкъ иткІэ зэхалъхьащ щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм къэхутэныгъэхэр ирагъэкІуэкІыным хуэунэтІауэ зэрыдгъэпсыкІу Іэмалхэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ КъБР-м и Правительствэм, республикэм Егъэджэныгъэмкіэ, щіэныгъэмрэ щіалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм, щІэныгъэ Іуэхущіапіэхэмрэ еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ яхуэгъэзэа чэнджэщхэр.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущіапіэ.

● Іуэхутхьэбзэщіапіэхэр

Илъэсым и кІэм ирихьэлІэу

«КъБР-м къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэуІуу щызэфІагъэкІ и центр» ГБУ-м и унафэщІ АфІэунэ Аслъэн «МФЦ»-м и къудамэщІэхэр щаухуэ щІыпІхэм мэкъуауэгъуэм и 19-м щыІащ, Нарткъалэ, Тэрч, Налшык къалэхэм, Анзорей къуажэм а лэжьыгъэр зэрыщІекІуэкІыр кІипщІатащ.

Подрядчикхэм зэрыжаІамкІэ, уху3ныгъэм пыщІа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэ псори илъэсым и кІэм яухынщ. «МФЦ» ГБУ-м и унафэщІым къыхигъэщащ ныкъуэдыкъуэхэм, зи Іэпкъльэпкъым сэкъат иІэ щІыхуэм зыхуей Іуэхутхьэбзэхэр тэмэму ягъуэтын щхьэкІэ, къалэн куэд щызэфІагъэкІ центрхэр щыІэ мардэхэмрэ пщалъэхэмрэ къытІасэу щытын зэрыхуейр. Абы хохьэ щІыхьэпІэхэр, Іэ тхьэщІыпІэхэр, зекІуапІэхэр, щІэкІыпІэхэр, Іуэхутхьэбзэхэр щыхуащІэ, чэзум щыпэплъэ щІыпІэхэр.

А щІыкІэм тету, федеральнэ законодательствэм къызэригъэувым хуэдэу, мы гъэм и КІэм республикэм и жылагъуэ псоми къалэн куэд щызэфІагъэкІ центрхэр къыщызэІуахынущ, Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъым куэдкІэ хагъэхъуэнущ.

ГЪУКІАКЪУЭ Идар.

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

Сабийхэм загъэпсэху

Дзэлыкъуэ щІыналъэм и курыт еджапІэхэм къыщызэІуаха махуэ лагерхэм мы зэманым зыщагъэпсэху сабии 100-м нэблагъэ. Сэрмакъ дэт курыт школ №2-м, Каменномост дэт МКОУ СОШ №1-м, Чыщбалъкъэрэ Зольскэмрэ я еджапІитІым махуэ 20-м щІигъукІэ щыІэну щыкІуэхэр махуэм хуэзэу тІэу ягъашхэ. КъищынэмыщІауэ, пщыхьэщхьэм унэм щыкІуэжкІэ пхъэщхьэмыщхьэхэкІэхэр здрагъэхь.

ШКОЛ лагерым щыІэхэм якІэлъэоплъ гъэсакІуэхэр, дохутырхэр, музыкэмрэ спортымкІэ егъэджакІуэхэр. Махуэ дэмыкІыу щыкІуэхэр дунеяплъэ щыпІэ нэхъ дахэхэм къыщрашэкІ, спорт зэхьэзэхуэхэмрэ творческэ дерсхэмрэ драгъэкІуэкІ.

Мы гъэм къызэІуаха лагерхэм псом япэу къащтащ бынунагъэушхуэхэмрэ хуэмыщІауэ псэу унагъэхэмрэ я сабийхэр.

Школхэм къинэмыщІауэ, сабии 100-м нэс иджыблагъэ къищтащ узыншагъэр щрагъэфІакІуэ «Алые зори» щІыналъэ лагерым. Мыбы и лэжьакІуэхэм я зэфІэкІ псори ирахьэлІэ щыкІуэхэм я нэгу зиужьауэ, загъэпсэхуауэ гъэ еджэгъуэщІэм пэрыувэжьын папщІэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

«Гъуэгу картэр» къащтэ

● Зэгурыіуэныгъэхэр

Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ и министр Кузнецов Леврэ «Газпром» ОАО-м и правленэм и унафэщІ Миллер Алексейрэ зэгурыІуащ КИФЩІ-м и щыналъэм промышленностым зыщегъэужьыным хуэунэтІауэ зэдзэкжьэну. Абы ипкъ иткІэ, «Газпром» акционер обществ зэІухэр зыхуей промышленнэ, щІэныгъэ-техникэ продукцэхэр нэхъ зыубгъуауэ, зэІухауэ ягъэбелджылынущ.

- КИФЩІ-м и промышленнэ предприятэхэм я дежкІэ нэхъ гугъур я Іэдакъэщіэкіхэр щэнырщ. ЩІыналъэм и промышленнэ зэфІэкІым щыхэдгъахьуэ, къэралыр ди щІэгъэкъуэну, предприятэхэм зыщедгъэужь мы зэманым абы хэкІыпІэ кІыхуэгъуэтыпхъэщ. Нобэ дэркІэ нэхъыщхьэр къэрал кІуэцІ рынокыр ди продукцэхэмкІэ иракъуу гъэнщІынырщ. НэгъуэщІ къэралхэм яйхэм япэхьуну Іэмэпсымэхэр гъэхьэзырыным теухуа программэр гъэзэщІэным мы зэгурыІуэныгъэр сэбэп хуэхъуну, ди щІыналъэм и экономикэм зригъэужьыну къыдольытэ, - къигъэлъэгъуащ Кузнецов Лев.

Зэгурыіуэныгъэм тету къыхалъхьэну проектыр тещІыхьащ ди технологиеу, Іэмэпсымэу, материалу, нэгъуэщІхэу «Газпром» ОАО-м и Іэнатіэхэм къыщагъэсэбэпхэм я куэдгъым хагъахъуэкІэрэ, хьэрычэтыщІэ Іуэхур дэІыгъыным.

- Дгъэхьэзыра «гъуэгу картэр» фІагъ льагэм, ди продукцэр Урысей Федерацэм и льэпкъ пщалъэхэм къитІэсэным, рынокым зегъэужьным тегъэпсэныжащ, - къыхигъащащ министрым.

КУЗНЕЦОВ Сергей,
УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущіапіэм и унафэщІ.

● Къэрал Іуэху

Льэпкъ политикэр ягъэкІуатэ

Мэкъуауэгъуэм и 23-м Налшык къалэ къыщыізэІуахащ «Урысейм и льэпкъхэм я ассамблее» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм къызэригъэпэща «Урысей льэпкъ зэкъуэтныигъэ» Кавказ Ищхъэрэ зэхьхьэр.

МАХУИЩКІЭ екІуэкІыну зэІуІщэр къызІуихащ КъБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм ядэлэжьэнымрэ льэпкъ Іуэхухэмкіэ и управленэм и унафэщІ **КІурашын Анзор**. Абы и пэублэ псалъэм къыхигъэщащ ди республикэр льэпкъ куэд зэрыс, дин зэмылІэужьыгъуэхэр щызэрахьэ щІыналъэу зэрыщытыр къальэитэу льэпкъ зэхущытыкІэр егъэфІэкІуэныр япэ ирагъэщ Іуэхугъуэхэм зэращыщыр. «Льэпкъым 100-м щІигъу зэрыс ди щІыналъэм нобэкІэ жылагъуэ, дин, льэпкъ зэгухьэныгъэ 85-рэ щыІэщ, ахэр къэрал программэ хэхам тету мэлажьэри, я кьалэн ягъэзащІу къысщохьу», - жиІащ КІурашыным.

Урысейм и льэпкъхэм я ассамблеем и советым и тхьэмадэ, МГУКИМ-м и кафедрэм и доцент, педагогикэ щІэныгъэхэм я кандидат, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыкъ зиІэ и лэжьакІуэ **Кучинский Сергей** псалъэ щратым жиІащ мыпхуэдэ семинархэр куэд щІауэ зэрырагъэкІуэкІыр, ахэр щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм къызэрыщызэрагъэпэщыр. Апхуэдэуи ассамблеер зэхэщэным жэрдэмщІакІуэ хэхъуар къэрал лэжьакІуэ цІэрыІуэ Абдулатипов Рэмэзэну зэрыщытыр къыхигъэщхьэхьэкІащ.

Къэрал льэпкъ политикэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъэзэщІа зэрыщыхъум убгъуауэ тепсэльыхьащ КъБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм ядэлэжьэнымрэ льэпкъ Іуэхухэмкіэ и управленэм и унафэщІым и къудамэ **Гергоков Джамбулат**.

Апхуэдэу льэпкъ зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэным телажьэ центрым иригъэкІуэкІ Іуэхухэм къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ «Урысейм и льэпкъхэм я ассамблее» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и ресурс центрым и унафэщІ, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор **Плотников Александр**.

Вэсэмахуэ шэджагъуэ нэужьым щыщІэдзауэ мэкъуауэгъуэм и 26 пщІондэ лэжьэнущ зэІуІщэм хэтхэр. Ахэр тепсэлъыхьынущ къэрал льэпкъ политикэр федеральнэ, щІыналъэ, муниципальнэ къулыкъущІапІэхэм деж зэрыщызэрахьэм, абы хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэр зэрыхуцыт щІыкІэм, Урысей Федерацэм ис льэпкъхэр нэхъри зэкъуэузэнымкІэ къагъэсэбэпыпхъэ Іэмалхэм, нэгъуэщІхэми. **НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ**.
Сурэтыр **Холлаевэ Марзият** *трихащ.*

● Зэхыхьэхэр

Хьэщ1э зи щ1асэ Кавказ

Сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ я творчествэмкІэ республикэ унэм иджыблагъэ щекІуэкІащ «ХьэщІэ зи щІасэ Кавказ» зыфІащэ зэхуэсыр. Ар и Іыхьэщ илъэс 30-м нэблэгъауэ къэралым щекІуэкІ «Зэчий зыбгъэдалъхэм я къэкІуэнур» урысейпсо зэпеуэ-конференцым.

ЗЭІУІЩЭМ къырихьэлІат ЩІэныгъэхэм я урысейпсо академие цІыкІум и унафэщІым и къуэдзэ Синицынэ Ольгэ, «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ хэрал бюджет Іуэхущіапіэм и проректор, мэкъумэш щІэныгъэхэм я кандидат Езауэ Анзор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и Филологие институтым урысыбзэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ, филологие щІэныгъэхэм я доктор Башиевэ Светланэ, БъБКъУ-м геометриемкІэ и кафедрэм и унафэщІ, физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Журт Арчил, УФ-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ, Сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ я творчествэмкІэ республикэ унэм и унафэщІ Кьалмыкъ Кларэ, КъБР-м и Льэпкъ музейм и унафэщІ Накуэ Феликс сымэ.

Зэхыхьэр концерт дахэкІэ къызэІуаха нэуэль, еджакІуэхэм я къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр утыку кърахьащ. Лэжьыгъэхэр къапщытащ КъБКъУ-мрэ академиемрэ я щІэныгъэлІхэм.

ЯпэщІыкІэ сабийхэр щхьэхуэ-щхьэхуэурэ зэпеуэ, иужькІэ гуп-гупу загуэшри, секцэ зэхуэмыдэхэм щыпащащ. Апхуэдэт «Льэхэдж», «Туризмэмрэ льэхэмрэ», «Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу льэпкъхэм къадекІуэкІ ІэпщіэлъапщІагъэр», «Кавказ Ищхъэрэм и щІыуэпсыр», «Социологие» унэтІныныгъэхэр, нэгъуэщІхэри.

Зэпеуэм хэтащ ди республикэм, гъунэгъу щІыналъэхэм къикІа школакІуэхэр, студентхэр, абыхэм я унэтІакІуэхэр. Зэхьхьэм и кІэухыу текІуахэм щІыхь тхыльхэр иратащ. ИужькІэ хьэщІэхэм Іуащхьэмахуэ льапэ я нэгу зыщрагъэжьащ.

АФІЭУНЭ Санэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

ЗэщІыгъуу яІуощІэ

КъБР-м и прокурор Жариков Олегрэ Хьэрычэтыщ1эхэм я хуитыныгъэхэр хьумэнымкІэ и уполномоченнэ Тау Пщыкъанрэ хьэрычэтыщІэхэм яхуэзащ.

АБЫХЭМ я зэгухьэныгъэм щыщу цІыхуибгъу ирагъэбгъэти, тІум я тхьилъхэр Іахри, щыхэплъэн папщІэ, прокуратурэм и зыхуэфащэ къудамэхэм ирагъэкІ, адрейхэм я упщІэхэр хуэзэпкърахащ. Ахэр нэхьыбэу зытеухуауэ щытар ЩІымкІэ законодательствэр зэрагъэзащІэрщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, мэкъумэш щІапІэхэр бэджэнду зэратыр, бэджэндыпщІэр зэрагъэув хабзэр, нэгъуэщІхэри.

Жариков Олегрэ Тау Пщыкъанрэ зэгурыІуащ, а щыкІэм тету, дяпэкІи зэгъуэсу хьэрычэтыщІэхэм щІэх-щІэхыурэ яІущІэну.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

● Мэкъуауэгъуэм и 26-р Наркоманием ебэныным и дунейпсо махуэщ

ЩІэблэр узыншэн папщІэ

1987 гъэм ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм унафэ кьыдигъэкІащ Наркоманиемрэ наркобизнесымрэ ебэныным и дунейпсо махуэр илъэс къэс мэкъуауэгъуэм и 26-м ягъэлъэпІэну.

УРЫСЕЙ Федерацэм и щІыналъэхэм 2003 гъэ льандэрэ а Іуэхугъуэм иращІылІэ цІыху куэд къызэкІуалІэ зэхьхьэхэр. Ди республикэм, КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я дэІэпыкъуэгъукІэ, зэпымыууэ къыщызэрагъэпэщ «Къэбэрдей-Балъкъэрыр - наркотикыншэу» акцэр. Ар мы гъэм япэу мэкъуауэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ мазэр иухыхукІэ ирагъэкІуэкІ.

Къэралымрэ цІыхубэмрэ зауэжьын щхьэкІэ, щІэблэр жылагъуэ гъащІэм къыхэшэн зэрыхуейр къэплъытэмэ, «Къэбэрдей-Балъкъэрыр - наркотикыншэу» акцэр абыкІэ Іэмалыфі мэхъу. Абы ипкъ иткІэ къызэрагъэпэщ Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм щІалэгъуалэм щахутепсэлъыхь лекцэхэмрэ семинархэмрэ, Урысейм и ФСКН-м и управленэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щІэ къудамэм и лэжьыгъэм щыхагъэгъуазэ махуэхэр, наркоманием теухуауэ псалъэмакъ щхьэпэхэр, дохутыр-наркологэм, спортсменхэм, республикэм и хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм ныбжьыщІэхэр щыхуагъазэ зэхьхьэхэр, зэхьэзэхуэхэр, узыншагъэм теуху зэІуІщэхэр. Апхуэдэ Іуэхугъуэхэм я жэрдэмщІакІуэ КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щіэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ, Узыншагъэр хъумэнымкІэ, Спортымкіэ и министерствэхэр, Налшык къалэ и щІыпІэ администрацэр, республикэм и хабзэхъумэ Іэнатіэхэр.

Налшык къалэ мэкъуауэгъуэм и 26-м щекІуэкІыну концертым республикэм и унафэщІхэр, политикэ партхэм хэтхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр, щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я пашэхэр къыщыпсэлъэнущ. Пшыхьыр ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм сыхьэт 15-м щызэхашэнущ. Абдежьм спорт лІэужьыгъуэ зыбжанэмкІэ (армрестлинг, гырэ къэІэтын) зэпеуэхэри щрагъэкІуэкІынущ.

Къыхэгъэщыпхъэщ илъэс къэс мыпхуэдэ Іуэхугъуэхэм цІыху нэхъыбэм зэрызыкърагъэхьэлІэр.

Экономикэ Политикэ

Махэуку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Демократие

Президент хэхыныгъэхэри и пІалъэр къэмысу щыІэну?

Санкт-Петербург щекІуэкІа экономикэ зэхуэсышхуэм ипкъ иткІэ, УФ-м и Правительствэм и Унафэщіым и япэ къуэдзэ Шувалов Игорь, Хъуманіэ банкым и президент Греф Герман, Граждан жэрдэмхэмкІэ комитетым и Іэтащхьэ Кудрин Алексей сымэ хъыз эхуэсахэм я упщІэхэм жэуап пэж иратыну хущІэкъуащ.

Иужьрей илъэс 15-м Урысей Федерацэм къыщыхъуа зэхуэкІыныгъэхэм щыри жыджэру зэрыхэтар къызэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ зэІущІэр езыгъэкІуэкІа, «Независимая газета»-м и редактор нэхъыщхьэ Ремчуков Константин. Иджы абыхэм лъэныкъуищым - къэралым, хьэрычэтыщІэхэм, жылагъуэм - я сэбэлэхэр пхагъэкІ.

И пІалъэр къэмысу хэхыныгъэхэр егъэкІуэкІыным и щэхур

УРЫСЕЙР игъащІэми зыгъэпІейтей «Сыт щІэн хуейр?» упщІэм жэуап пыухыкІа иритащ Кудриным. Къэзахъстаным и президент Назарбаев Нурсултэн и щапхъэм тету ди къэралым президент, парламент хэхыныгъэхэр и пІалъэр къэмысу щегъэкІуэкІауэ, зэман кІыхьым тещІыхьа «Пъэбакъуи 100» программмэр къыхэлъхьапхъэу абы къигъэуващ. Политикэ лъэщагъ, ар пхъызыгъэкІыфын президентрэ Іуэхур дэзыгъэкІуэтэн гупрэ щыІэн хуейуэ Кудриным кьелъытэ. «Къэрал Думэм и депутатхэр хэхыным и пІалъэр къыщыдгъэблагъэкІэ, ардыдэр президент къулыкъум ехьэлІауи тщІэ щІэмыхъунур сыт? Цыхубэм я арэзыныгъэр уи телъхьэу сыт хуэдэ Іуэхугуэхэри къеплъхьэжьэфынущ», - жиІащ абы.

Экономист цІэрыІуэ Гонтмахер Евгений зэрыхуигъэфащэмкІэ, и пІалъэр къэмысу президент хэхыныгъэхэр къыхилъхьэну Путиным зегъэхьэзыр.

Къэкіуэну зимыІэ программэхэр

ДЫЗЭРЫЛЭЖЬЭНУ программэр зэрыщыІэр Шуваловым ягу къигъэкІыжащ. Зи гугъу ищІыр кризисым ирипэщІэтыну Правительствэм зэхилъхьа Іуэхугъуэхэращ. Апхуэдэ дэфтэр зэрыщыІэр зэрыхъарзынэр къильытащ Кудриным, ауэ ар зытещІыхьар илъэсищ плъэхъэнэщ. Апхуэдэу зэман кІэщІым Іуэхугъуэшхуэхэр зэфІэкІа фащэмкІэ, апхуэдэхэр процент 50-м нэблэгъащ. Иджыпсту щыІэ административнэ, налог жэуаплъныгъэхэр апхуэдизкІэ щабэщи, лэжьапІэтхэм ахэр къазэрыфІэІуэху щыІэжьым. Араущи, прокуратурэм дэщІыгъуэ къыхьыдолъхьэ улахуэр гъэпщкІуауэ зытхэм уголовнэ тезыр егъэхьыпхъэу.

Законым и проектым къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, жэуапым ирашэлІэнур зэгурыІуэныгъэ е контракт ирамыщыІалІауэ конвертым дэлъу улахуэ зытхэм я закъуэжьым, атІэ хабзэм къызэриГэувым тету компенсацэ, тезыгъэгушхуэ, саугъэт ахъшэхэр зыубыдэхэми фІы щІагъгъэзынкъым. Абы папщІэ лэжьапІэтхэм къэудыуэ сом мини 100-м къыщыщІэдзауэ мелуан ныкъуэм нэс ирагъэпшынынущ е илъэсищкІэ ягъэтІысыжу. А псом къыдэкІуэу а пІалъэм къриубыдэу унафэщІ къулыкъум пагъэкІынущ.

Экономикэ щІэуфам иджыпсту щолажьэ Урысейм и цІыху мелуан 12,5-рэ. Язныкъуэхэм къызэралъытэмкІэ, апхуэдэхэр цІыху мелуан 20-м щІегъу. Абыхэм ятеухуауэ хабзэр къызэпаудэ иужькІэ къащхьащхьыжьм щыІэжьым, - жеІэ Социальнэ-лэжьыгъэ хуитыныгъэхэмкІэ центрым и юридическэ хъудамэм и унафэщІ Саурин Сергей. - Липецк областым и депутатхэм я жэрдэмыр Кьэрал Думэм къадиІыгъмэ, Іуэхур хэпщІыкІыну нэхъ зэІуб хъунущ.

ГРИЦЮК Маринэ.
«Российская газета».

Урысейми и жэуапыр егъэхьэзыр

● ЗэхущытыкІэхэр

Урысей Федерацэм экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министрым и япэ къуэдзэ Лихачёв Алексей зэрыжиІамкІэ, Къухьэпіэм и текъуэзныгъэхэм (санкцэхэм) зэрыпищэм ди къэралми хуэфащэн жэуап иритынущ. Ар дапхуэдиз пІалъэм тещІыхьами абы къыхигъэщакъым.

УФ-м и Президентым и дэІэпыкъуэгъу Белоусов Андрей къызэрилъытэмкІэ, зэпэщІэувэныгъэр нэхъ ткІиижх хъуащ: «Дэ деплъынщ Къухьэпіэм адэкІэ кьищтэну унафэхэм икІи абыхэм елъытауэ, ди сэбэпынагъи хэлъу, Іуэхум дыбгъэдыхьэнщ», - ибзыщІакъым къулыкъущІэм.

Дызэрыщыгъуаззэщи, нэгъабэ быщхьэуІум (августым) и 7-м къыщыщІэдзауэ Урысейм къригъэшэжырхъым лы, лыхэкІ, бдзэжьей, бдзэжьейхэкІ, шэ, шэхэкІ ерыскъыхэр, пхъэщхьэмыщхьэр, хадзэжьІыр, ахэр США-м, Канадэм, Норвегиеми, Австралиеми, Евросоюзым хэт нэгъуэщІ къэралыгъуэхэм щагъэхьэзырамэ.

Евросоюзым хыхьэ къэралыгъуэхэр иджыблагъэ зэгурыІуауэ Урысейм иращІэкІ текъуэзныгъэхэм дызыхуэхІуэ илъэсыми и пэщІэдзэ пщІондэ къыпащэну. Кърымымрэ Севастополрэ хуаІэ зэпыщІэныгъэхэр егъэфІэкІуэным иджыри илъэскІэ хэплъэнукъым. КъыщыжьмыщІауэ, Черногориеи, Албаниеи, Исландиеи, Норвегиеи, Лихтенштейни, Украинэм визэкІэ я санкцэхэм фокІадэм (сентябрым) и 15 пщІондэ къыпащащ.

«The New York Times» газетым зэритхымкІэ, Урысейм ирищІыІа текъуэзныгъэхэм кьызэрыщцам кьегъэпагъэкІэ Евросоюзыр быдэу зэрызэхъуэтыр икІи Алыджым (Грециеи) и щІыхуэхэр хуагъэгъуну зэрыныкъуакъуэмрэ Украинэм Іуэхур зэрыщыткІиймрэ зэрызэхъуимыудыфар.

США-м къыщыдэкІ газет цІэрыІуэм кьыхегъэщ санкцэхэм кьыпримыгъэщэн папщІэ Москва лъэкІ къызэримыгъэнар. Абы папщІэ Евросоюзым хьихьэ зы къэралыгъуэ закъуэ нэхъ мыхъуми и телъхъэ кьищІын хуейуэ арат. Ар и мураду Урысейм Іуэхутхьэбзэ зэмылІужьыгъуэкІэ кьигъэгугъэхэм ящыщт Алыджыр, Кипрыр, Венгриер. Арщхьэкіэ зыри кьыхутегъэхьакъым.

ПОНОМАРЁВ Иринэ.
«Независимая газета».

● Къаугъэ

Депутатхэр Іэжьэгъу мэхъу

Армением и кьалащхьэ Ереван махуэ зыбжанэ хъуауэ пэкІуэкІэ щокІуэкІ. Цыху минхэр уэрамхэм кьыдыхьащ электроэлектрум и уасэр зэрыхагъахъуэр ямыдэу.

КЪАЛАЩХЬЭМ кьыщежьэу Гюмри, Ванадзор щыпІэхэм зыІыдза мыарэзыныгъэхэм Армениер зэрыщыту зэщІищтэнкІэ щынагъуэщ. Къэралым и президент Саргсян Серж Іущ Іэн папщІэ жэрдэмщІакІуэ гуп кьыхэзгъэпэщыну кьыхураджа пэгъми, абыхэм ар ядакьым. Щытыкіэр ягъэзэкІуэжьыну хущокъу депутатхэр - я Іэхэр зэрыІыгъуу ахэр полицэмрэ зыкъэзэІэтахэмрэ я зэхуакум жэщым дзуащ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ зэжьхэхэуэныгъэхэр кьамыгъэхъуну хущІокъу.

«ДахъунщІэу яхуэдэнэкъым» граждан зэщІэхъееныгъэр «Армением и электроэтхэр» компаниием ерыщу пэуващ электрокъарум и уасэр процент 16-кІэ хагъэхъуну хъыбар зэбграгъэха иужькІэ. Оппозицэм ар диІыгъащ.

Армениер политикэ кризис куум пэгъунэгъу хъуащ мэкъуауэгъуэм и 23-м и жэщым полицэм демонстрантэхэр кьару кьигъэсэбэпу зэбгриха иужькІэ. Экономикэ щхьэусыгъуэ иІэу кьэежьа мыарэзыныгъэхэр иджы политикэм хуэкІуащ икІи хуэгъэфащэгъуейщ абы адэкІэ кьрикІуэнур сытми.

КУ́ЗНЕЦОВЭ Ольгэ.
«Коммерсантъ»

Бельгием, Франджым, Австриеми щыІэ Урысейм и мылькур ЮКОС-м и Іуэхум ипкъ иткІэ яубыдащ. Ди къэралым зэкІэщІиубыдэжа щІыдагъэ компаниием и акционерхэм судым и апхуэдэ унафэхэр Іэрагъэхьакіэщ Германием, США-м, Нидерландэм, икІи, хуэзгъэфащэ зэрыхъунумкІэ, а псори щІэдзапІэ кьудейуэ араш.

САНКТ-ПЕТЕРБУРГ щекІуэкІа экономикэ зэхуэсышхуэм ди Іуэхуэхэр зэпІэзэрыту икІи зыІыжьку кьыщыгъагъэІуэну яужь щит зэманым зэпэщІэтыныгъэр хуэщІ. АпхуэдизкІэ зэхъуэкІ. Зыри къэмыхъуауэ фэ зытебгъэуэныр, адэкІэ зыри кьызэрымыкІыжщ.

Суд приставхэм я лы-кІуэхэр кьыщыщІидза хамэ къэралхэм щыІэ урысей компаниехэмрэ банкэмрэ я мылькур абыхэм ираты-пхъэщ. Уеблэмэ яубыдынур Урысейм и цІэкІэ щытхэм я закъуэкъым, атІэ зыгуэркІэ нэхъ мыхъуми кьыгуэхьэхэри хохьэ. Апхуэдэхэм хабжащ банк ин псори, урысей представительствэ вэхэр (дипломатическэхэм кьищынэмыщІауэ), цІыхубэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я корреспондент пунктхэр, архиепископ хэщІапІэхэр. ЮКОС-м и Іуэхум ипкъ иткІэ, яубыдащ ТАСС-мрэ «Урысейр - нобэ» дунейпсо хъыбарегъащІэ агентствэмрэ я активвхэр.

Мы Іуэхум Урысейр егъэгулэз. Къэралым ЮКОС-м иритыжьын хуейщ евро мелард 50. Апхуэдэ унафэ илъэс и пэкІэ кьищтащ Гаагэ (Нидерландэм) щыІэ Третейскэ судым. Абы къриубыдэу унафэщІ кьулыкъум пагъэкІынущ.

ЯгъэтІысыжкІэ зэрыхъунуи, пэжьапІэтхэр игъэзащІэрыгъэныкъым: абы и бынэ юридическэ факультетым щІэтІысхьэфынукъым, и Іыхьлыхэр къэрал кьулыкъум хагъэхьэнукъым... ЗэкІэ сом мини 6 кьэудыуэ япшыну араш, къэралми цІыхуми ирата хэщІынрэ гъэшхуэхэм пэкІуэну.

Экономикэ щІэуфам иджыпсту щолажьэ Урысейм и цІыху мелуан 12,5-рэ. Язныкъуэхэм къызэралъытэмкІэ, апхуэдэхэр цІыху мелуан 20-м щІегъу. Абыхэм ятеухуауэ хабзэр къызэпаудэ иужькІэ къащхьащхьыжьм щыІэжьым, - жеІэ Социальнэ-лэжьыгъэ хуитныгъэхэмкІэ центрым и юридическэ хъудамэм и унафэщІ Саурин Сергей. - Липецк областым и депутатхэм я жэрдэмыр Кьэрал Думэм къадиІыгъмэ, Іуэхур хэпщІыкІыну нэхъ зэІуб хъунущ.

ГРИЦЮК Маринэ.
«Российская газета».

● Щыхуэ

ЮКОС-м ди къэралыр егъэгулэз

КъищынэмыщІауэ, Цыхухэм я хуитныгъэхэмкІэ европей судым зэрригъэувамкІэ, Урысейм иджыри евро мелард 1,86-рэ яритыжьын хуейщ лей зытригъэхьа щІыдагъэ компанием и акционерхэм.

А унафитІри мыпэжу Урысейм кьелъытэ икІи иродауэ, ауэ зэкІэ кьикІ щІэкъым. ТІуми кьару ягъуэтакІэщ. Урысейр кьыпэкІуэтэну щамылъагъум ЮКОС-м и акционерхэр адэкІэ кІуащ икІи я Іуэхур пхагъэкІащ.

Сыт адэкІэ щІэн хуейр? Урысейм финансэмкІэ и министрым жиІащ ЮКОС-м и щІыхуэхэр ди къэралым зэрымыпшынэжьнур. Апхуэдэу ящІэмэ, текъуэзныгъэ зыбжанэ абы кьишэнущ, хамэ къэралхэм сту зэрыращІыпІэ щІыкІэр нэхъри кьиІэпиудынущ. Депутатхэм зэрыжаІэм хуэдэу ЦІыкухэм я хуитныгъэхэмкІэ европей судымрэ Гаагэ и арбитражымрэ я унафэхэр кьимыльытэмэ, Урысей Федерацэр Европэм и Советым кьыхаГъэкІынущ. Абы кьишэнрэ нэхъ Іейжщ. Деплъынщ сыт хуэдэ хэкІыпІэ кьаГъэтми.

ЛУКЬЯНОВ Фёдор.
«Газета.Ру»

● Лыщхьэм и псалъэ

КАДЫРОВ Рамзан:

Фыз куэд уиІэну ди диным хуит уещІ

Шэшэным и Іэтащхьэ Кадыров Рамзан «Интерфакс» хъыбарегъащІэ агентствэм иджыблагъэ дригъэкІуэкІа интервьюм щытепсэлъыхьащ федеральнэ центрым къахуиутІыпщ ахъшэм, лІым фыз зыбжанэ иІэным, Немцовыр зыкІиІауэ зыхуигъэфащэм, Одессэ областым и губернаторыщІэу Саакашвили эзрагъэувам, нэгъуэщІ куэдми.

- СУБСИДИЕХЭР дэ кьызэрытІэрыхьэр адрей щІыналъэхэм хуэдэ дыдэущ - нэхъыбэкъым икІи нэхъ мащІэкъым. Шэшэныр дэІыгъыным хуэунэтІауэ кьащта федеральнэ программмэм ипкъ иткІэ, сом меларди 130-рэ кьытхуаутІыпщ хуеяти, кьытІэрыхьар сом мелард 70-м нэблагъэщ, - жиІащ Шэшэным и лІыщхьэм. - Къэралым налогыу кьыщыхахьр ди республикэм икІуадэу зыгъэхьыбарэхэм пцІы яупс. Зыгуэрхэм ягу иритхьрыкъым шэшэн лъэпкъыр, ди республикэр зэрыщыІэр, абы щыпсэум и процент 97-р къэралым и унафэщІхэм я телъхьэу зэрыщытыр. Сэ сызэрыкъуаншэр ди цІыхуэхэр мыдыгъуэу зэрылажьэращ.

Кадыровым фІэтэмэмщ Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм я Іэтащхьэ псори Іэлэткіэ хэхыныр.

- ЦІыхуэхэм я проценти 3 - 4-м фІэкІа зи телъхьэу щымытхэр щІыналъэхэм я унафэщІу щагъэув щыІэщ, - къелъытэ абы. - Дауэ цІыхубэм апхуэдэм и дзыхь зэрыригъэззынур? Хэхыныгъэхэм процент 90 нэхърэ нэхъ мащІэ кьыщыхсьауэ мы кьулыкъум зэи сыпэрыувэнкъым. Шэшэным Іэлэткіэ Іэтащхьэр щІыхамыхамкІэ зэуІущІыпхэр сэракъым, атІэ Москвращ.

Федеральнэ кьулыкъу зэрыхуэмыныкъуэри жиІащ Кадыровым:

- Сэ сыхуейкъым сыщылэжьэну Урысейм и Правительствэми, Президентым и Администрацэми, Кьэрал Думэми, Федерацэмкіэ Советми. Сэ мыбы си лэжьыгъэр щызэхуну сыщІохъуэпс.

Ар тепсэлъыхьащ Донбассым щызауэ щэшэнхэми.

- Ешхъэр хуеяуэ абы кІуэхэр щыІэщ. Апхуэдизкіэр кьыздикІар Шэшэным и закъуэкъым - нэгъуэщІ щыналъэхэм щыщхэри ГъунэжщІ. Уеблэмэ США-м икІахэри щыІэщ. Украинэм и унафэщІхэм, Европэм, КІуэкІыпІэм зэрахъэ лейр цІыхухэм ялъагъу икІи Донецкрэ Луганскрэ щыпсэухэм кьащхьащыжьну макІуэ. ЗэрыжаІэм хуэдэу, Украинэм шэшэн батальон щыІатэмэ, Донбассым Іуэхур куэд щІауэ щызэфІэкІат икІи Киев дынэсат.

Кадыровыр кьытеувыІащ Украинэм и Одессэ областым Грузиеи и президенту щыта Саакашвили Михаил губернатору зэрыщагъэувами.

- Зи лъэпкъым епцІыжа Саакашвили Михаил губернатору яГъуэващ. Украинэм зы хэкупсэ закъуэ нэхъ мыхъуми исатэмэ, ар кьрахуежьэнт.

Урысей политик цІэрыІуэ Немцов Борис иукІауэ Дадаев Заур зэрытралъхьэр Шэшэным и Іэтащхьэм фІэзэхуэкъым.

- Благъэхэми адвокатхэми жаІэ Дадаев Заур укІыгъэр щекІуэкІа щІыпІэм и гъунэгъуу а зэманым зэрыщымыІар. Ар Ингушым щаубыдащ икІи адвокатхэм кьызэрятамкІэ, яубрэжьэрэ зыхуейхэр кьаргъэІуэтащ. Абы гъуэ иІащ икІи ар иригъэІуІыпщыжьэн папщІэ «зыкъиумысыжащ». Сэ кьызэрыслъытэмкІэ, Немцовыр зыуКІахэр кьыщыльхьуэн хуейр Шэшэнрэкъым, атІэ Украинэмрэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэмрэщ. Немцовыр укІын хуейуэ зэгуэрым жысІауэ яГъэхьыбар. Ар пэжкъым! Сыт ар щІэзгъэуэкІынур? Дэнэ хуэдэ щІащ ар ди деж кьызэрымыкІуэрэ. Иужьу ар щысльэгъуар илъэс пщыкІуплІ и пэкІэ Гудермес щыІэущ.

Шэшэным и Іэтащхьэм идэркъым нэкІыІупхъуэхэр яІуПъу хабзэм и хьумакІуэхэм щІыхуэхэр я республикэм щаубыду.

- Зауэм и зэманым нэкІыІупхъуэ зыІулъхэм щІыхуэхэр ядыгъуэрэ яукІырт. ЩІэпсэуащІэхэми а Іэмалыр кьагъэсэбэп. 2005 гъэм жысІащ: Гъэзгу захуэм дыщытеувакІэ, Конституцэмрэ хабзэмрэ щытхъэмэкІэ нэкІыІупхъуэ лъэпкъ щІэнукъым. Сыт щІэтхъумэнур? Хабзэр щыдгъэзащІэкІэ сыт нэкІыІупхъуэ щІытІулъынур? Ставрополь къикІа хабзэхъуэмэхэм Дадаев Джамбулат щаубыдым ди хабзэ, зэхэтыкІэ псори кьызэпаудащ - ахэр кьэзыгупсысар сэракъым.

Даун, и гугъу имышІу кьэнакъым иужьрей зэманым псалъэмакъ куэд кьэзыша фыз зыбжанэ яІэну хуиту Шэшэным щрахьэжьа Іуэхугъуэми.

- Фыз куэд уиІэну ди диным хуит уещІ. Апхуэдэ хабзэ щыІэн хуейщ цІыхухър нэгъуэщІ щІыпІэхэмкІэ емыпІэкІыу и унагъуэр тэмэму зэрихьэн папщІэ. Армырамэ, щІадза щыхуэз куэдым зэрагъэпэщыну, узыхуэмей псалъэмакъ лей хэтщ, и щхьэгъусэрэ бынхэмрэ пцІы хуаупсу. ЛІым нэгъуэщІ иІэмэ, ар лъагъуныгъэ кьабзэу, хабзэм кьитІасэу щрырет, цІыхубзыр етІуанэ е ещанэ фызу щытыну арэзымэ. Илъэс пщыкІубл хъуа хъыджэбзыр ёзым нэхърэ фІыуэ нэхъыжь лІы узыншэм, зи къаруилъыгъуэм иджыблагъэ Шэшэным нэчыхькІэ зэрыщыдэкІуар куэдым хъэдэгъуэдзэ кьащцыхъуащ. Абы щыгъуэмм Урысейм и щІыналъэхэм зи ныбжь нэмыса мин бжыгъэхэм лей зэрыщрахьар, мелуанхэр адэнэщу, анэнщэу, зеиншэ дыдэу кьызэрынэр кьызыфІэІуэхур мащІэщ. Дэ ди цІыхухъхэр я узыншагъэм кІэлъоплъыж - фадэм Іисраф зрагъэщІыркъым, лэжьыгъэр, спортыр я Іэпэгъуэ. Абы кьыхэкІыу илъэс плІыщым щІигъуахэри зи кьаруилъыгъуэщ. Куэд щІакъым илъэс 97-рэ зи ныбжь лІыжьым илъэс 33-рэ хъуа цІыхубз кьызэришэрэ. Иджы абыхэм щІалэ цІыкІу эздагъэтащ.

НэгъуэщІ щІыпІэхэм щыІэ шэшэн щІалэгъуалэми кьыщыхэщыжащ Кадыровыр.

- Иджы нэхъапэм хуэдэжкъым. Ди щІалэгъуалэр щызэпІэзэрытщ Москваи нэгъуэщІ щІыпІэхэми. Куэд щІауэ зыри кьытхуэтхьэусыхэжырщыкъым.

ДРОБОТОВ Алексей.
«Комсомольская правда»

● Улахуэ

Илъэсищкіэ конвертым дэлъу

Липецк областым и депутатхэм жэрдэм кьыхалъхьащ цІыхухэм я улахуэр гъэпщкІуауэ конвертым дэлъу езыгъ унафэщІхэр яГъэтІысыну.

УЛАХУЭР гъэпщкІуауэ зыт лэжьапІэхэр кІуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. Абы хэщІыныгъэшхуэ ирет хуэфащэн налогхэр здэмыкІуэ кьэрал бюджетми пенсэ фондым зи ахъшэ хухамылъхьэ, социальнэ дэІэпыкъуныгъэ зымыГъуэт лэжьакІуэми. Аращ кьызыхэкІар Липецк областым и депутатхэм хабзэгъэув жэрдэмкІэ Кьэрал Думэм зыхуаГъэзэныр. Абыхэм кьагъэув Уголовнэ кодексым «Хабзэм кьемызэгъыу улахуэр гъэмэщІэныр» статьяищІэр хагъэхьэну.

- Конвертым дэлъу гъэпщкІуауэ лэжьапІэр тыныр дэни узыщрихьэлІэ Іуэхугъуэ хъуащ, - жиІащ проектыр кьыщыхалъхьэм законодательствэмрэ хабзэ Іуэхуэхэмкіэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Марков Вячеслав. - Язныкъуэхэм зэрыхуагъэзэ-

● Хьэлэмэтщ

Футболистым зы илъэсым къелэжь егъэджакІуэм илъэси 185-м къыІэрыхьэнур

Урысейм футболымкІэ и премьерлигэм щагъэувэ улахуэхэр дуней псом щынэхъ инщ. Ар ику иту сом мелуан 67-м (!) нос.

МЭЗКУУ и «Локомотив»-м и гъэщІэхьауэ Павлюченкэ Роман а клубым дрищьІыІа зэгурыІуэныгъэр иухыри, адэкІэ кьыпищэн идакъым. Щхьэусыгъуэр и улахуэр зэрагъэмэщІарщ. Абы илъэсым хуагъэувар евро мелуан закъуэщ. Ди ахъшэмкІэ сом мелуан 62-рэ. Тхьэмахуэм зэ фІэкІа сыхьэтрэ ныкъуэрэ хъу зэІущІэм хэмыт футболистхэм апхуэдизу улахуэ хуэгъэуэвыныр, дауи, ясымыязгъащ. Абыкіэ хуабжьу ерыщщ «Газпром», «Урысейм и гъэщІ гъуэгуэхэр», «Роснефть», «Внешторгбанк» акционер зэгуэхэныгъэхэр. Абы кьегъэльагъуэ спортыр куэд щІауэ мылъку зэдзэж зэрыхъуар.

Псалъэм кьыздэкІуэу кьэдгъэлъэгъуэнщ ди къэралым и адрей Іэнатіэхэм ику иту илъэсым кьыщащхьэ улахуэм и куэдагъыр (сомкІэ):

федеральнэ кьулыкъущІэхэм - 1.308.000;

экономистхэм - 800.000;

зауэлІэхэм - 744.000;

газрэ щыдагъэрэ кьыщІэзыш отраслым - 684.960;

дохутырхэм - 480.000;

хуэдэу ящІэ - 350.000;

егъэджакІуэхэм - 336.000.

«Спорт-экспресс».

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.

● Дифі догъэлъапІэ

Щыхупсэр зыузэщІ

Лъэпкъ щІэныгъэр ипэкІэ зыгъэкІуатэу, зи акъылымрэ зэфІэкІымрэ, гурылъ къабзэхэмрэ жыджэрагьымрэ Хэкум, щалъхуа щІынальэм екъулІэныгъэ къахуэхьыным нэсу хуэзыгъэпс адыгэ бзылъхугъэхэр, ди гуапэ зэрыхъущи, ди мащІэкъым. Дзыхь къыхуащІ дэтхэнэ Іэнатіэми жэуаплныгъэр зыхащІэу ирахькІ апхуэдэхэм, я акъылрэ зэфІэкІкІэ зыдынэс лъагапІэхэм зэчиищІэхэр къыщызэкъуахыу, лэжьыгъэм нэхъри зыщрагъэужьу.

КъБКъУ-м Филологиемкіэ и институтым и щІэныгъэ лэжьакІуэ пажэ, психологие, педагогикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Хьурей Леоренэ Ахьмэд и пхъур апхуэдэ адыгэ бзылъхугъэхэм ящыщщ. Псэ къулейрэ акъыл жанкІэ, зэфІэкІ лъагэрэ зэхэщІыкІ куукІэ Тхьэр зыхуэупса Леоренэ бгъэдэлъ фІыгъуэ псори хуеунэтІ къызыхэкІа лъэпкъым хуэфащэным, зыпэрыт Іэнатіэр егъэфІэкІуэным, къэзыухъуреихь цІыхухэм я псэм дахагъэ къыщыгъэуцыным, абы зегъэузэщІыным.

ЩІэныгъэм, лъэпкъ гъэсэныгъэм пщІэ щыхуащІ унагъуэщ Леоренэ къыщыхъуар. Абы и адэ Хьурей Ахьмэд Алмырзэ и къуэр Псыгуэнэсу жылэм къыщалъхуащ, щІэныгъэ куурэ зэфІэкІ лъагэрэ бгъэдэлъу къэгъуэгурыкІуащ. 1929 гъэм Ахьмэд къиухаяу щытащ Ухуэныгъэмкіэ институту Москва дэтыр, иужькІэ и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ Ломоносовым и цІэр зезыхьэ Москва къэрал университетым КъукъэпІэ лъэпкъхэмкІэ и институтыр. Ди республикэм и яПэ инженер-энергетикыу щыта Хьурей Ахьмэд и зэфІэкІхэр ирихьэлІащ Бахьсэн ГЭС-м и проектыр щІынми абы и уэхуныгъэми. ИужькІэ Ахьмэд щытащ а ГЭС-м и яПэ унафэщІу.

Леоренэ и анэ Іэминат Исльамэй жылэм щыщ КъаздахьУ Мацу ипхъут. А бзылъхугъэ гуащІафІэр зыхэтым къахэщырт Іэдэбагъкіэ, акъылыфІагъкІэ, зэпІэзэрытагъкІэ. Хэлъ нэмысыр куэдым щапхъэ яхуэхъурт.

Апхуэдэ нэхъыжьыфІхэр я гъэугурэльапхъуэт унагъуэм ис сабийхэми: щІалэхэу Альфред, Феликс, Эдуард, быным я нэхъыщІэ хъыджэбз закъуэ Леоренэ сымэ. ЩІалищым я ужькІэ зэщхьэгъусэхэм эдэгъуэта хъыджэбз закъуэм, дауи, адэр хуэгумащІэт. Ди щІыпІэмкІэ куэдрэ узыщримыхьэлІэ «Леоренэ» цІэ дахэри абы къыфІэзыщар Ахьмэдт. Хьэлэмэтыракъэ, къалъхуагъащІэ сабийм «Эммэ»-кІэ ендэжрт (ар и дэлъху курыт Феликс къыфІищат) Хьурейхэ я унагъуэм и ныкъуэр, арщхьакІэ Ахьмэд унэм щыщІэс зззэмызэм, адэм и жагъуэ ямыщІыну, псори «Леоренэ»-м хуэкІуэжырт.

- Дэтхэнэ зы цІыхуми гъуэгугъэльагъуэ гуэр гъащІэм щиІэщ. Апхуэдэ дэ зэрыбынунэм ди дежкІэ ди адэ Ахьмэд, - къызыхэкІа унагъуэм топсэльыхь Леоренэ. - Ар езыр хуабжу щІэныгъэм хэзнэхъуеиншт. Инженер Іэкіуэльакіуэу зэрыщытым къыдэкІуэу, ди адэр хуабжу дихьэхыр филологием икІи бзэхэр джыным тригъэкІуадэрт лэжьыгъэм къыдэхуэ зэманым и нэхъыбапІэр. Адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ фІы дыдэу зэрищІэм къыдэкІуэу, ар хуэІэзэт хьэрыпыбзэмрэ инджылызыбзэмрэ. Ди унагъуэм куэду илъ инджылызыбзэм тeуухуауэ, а бзэмкІэ тха тхыпІ, псалъалъэ куэд. Ди адэр пасэу дунейм ехыжкати, псори хуабжу дыхуэнэжьуэт икІи абы и Іапэр зэІуасауэ унэм щІэлъ хьэпшыпхэр, тхылъхэр къэтщІтэху, абы и Іэм и хуабагъэр зыхэтщІэу къытщІухьурт. Ди анэ Іэминат, цІыхухэшхуэ, гущІэгъушхуэ зыхэлъ бзылъхугъэ Іуцым, ГъащІэм дыщыхуиущиІкІэ къыджІэрт ди адэм и псэм дыкъихъумэу къызэрытщхьэщытыр, абы хуэфащэу гъащІэр дапщэщи етхьэкІын зэрыхуейр.

Апхуэдэу адэм и щатІкъэр гъэзугъэльагъуэ яхуэхъуащ Хьурейкэ я бынипІми. Леоренэ зэрыжиІэмкІэ, абы инджылызыбзэм льагъуныгъэ зэрыхуищІари и адэм и фІыгъэщ. Курыт школыр фІы дыдэу кьиуха нэужь, Леоренэ щеджащ КъБКъУ-м хамэ къэралыбзэхэмкІэ и факультетым. Іэнэмки университетым щекІуэкІ жылагъуэ гъащІэми щыпэрыт студентко жыджэрыр кафедрэм и унафэщІым и лъэІукІэ 5-нэ курсыр кьиуха нэужь, абы пэжькІуэу къагъэнэжауэ щытащ. И адэм хуэдэу, щІэныгъэм хуэпабгъэ Леоренэ и зэфІэкІхэм ияжькІэ щыхигъэхъуащ ди къэралым и щыхэр Москвам, нэгъуэщІ щІыпІэхэми. Зэман кІэщІым ирыцыбыдэу абы игъэхьэзырауэ икІи екъулІэныгъэкІэ пхигъэкІыфауэ щытащ и кандидат, доктор диссертацэхэр.

Хамэ къэралыбзэхэмкІэ кафедрэм егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэ купщІафІэ илъэс 50-м щІигъуэу щрехьэкІ Леоренэ. КъБКъУ-м и къудамэ щхьэхуэу 1956 гъэм кьызэІуахауэ щыта а Іэнатіэр илъэс 20 дэкІри факультет хъуащ. ИужькІэ, 1996 гъэм, а факультетыр и лъабжьэу университетым къыщызэІуахащ Филологиемкіэ институт щхьэхуэ. Іэнатіэм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуищІу, Леоренэ сыт хуэдэ лъэхъэнэми хьэлэлу ядэлэжьащ щІэблэм. Инджылызыбзэр иригъэджу кафедрэм лэжьэн щыщІэзыдза бзылъхугъэм ехьулІэныгъэ куэд зыІэригъэхьащ. Ассистентым деж къыщыщІидзэри ар кафедрэм и профессор хъуащ, илъэси 10-кІэ (2004 - 2013) ар и унафэм щІэтащ. А лъэхъэнэм кІриубыдэу кафедрэм хэпщІыкІыу зиужьащ, ди къэралым, нэгъэсыгъ хамэ щІыпІэхэм я апхуэдэ Іэнатіэхэм хуаІэ пыщІэныгъэр нэхъ быдэ хъуащ. Апхуэдэу кафедрэм и лэжьакІуэхэр 2005 гъэ лъандэрэ хэтщ Инджылызыбзэр езыгъэджэхэм я «Umbrella» урысейпсо ассоциацэм. 2008 гъэ лъандэрэ кафедрэм щолажьэ «English Access Microscholarship» дунейпсо егъэджэныгъэ проектыр.

Филологиемкіэ институтыр къызэрагъэпэща нэужь, 2007 гъэм къыщыщІэдзауэ 2011 гъэ пщІондэ абы и унафэщІу щытар профессор Хьурей Леоренэщ.

ЩІалэгъуалэм ящыщу зы щІэблэкъым, щІэблитІкъым абы гъащІэм и Іуэгу захуэм, пэжыгъэм, цІыхугъэм хуиущиір. ЕгъэджакІуэ, унэтІакІуэ Іущыр кууу кІуэщІроплъ иджырей щІалэгъуалэм я хьэлщэным, зэхэтыкІэм икІи иогугъу къызыхэкІа лъэпкъ уардэм хуэфащэ цІыху и студентэхэм къахэкІыным.

- Иджырей щІалэгъуалэр мыхьэнэшэу, купщІэншэу жызыІэхэм арэзы садэхьунукъым. Пэжщ, апхуэдэхэри щыІэщ, щІыпІэм зи эрараныр дэращ, нэхъыбжьхэрщ: е и чэзум зыгуэркІэ щІэгъэкъуэн дыхъуфыну Іэпэдзгъэлэл тщІащ, е ди псалъэ дахэ, гуапэ, Іущ зыщІыпІэ деж щхьэхуэдгъэныкъуащ, - и гупсысэхэмкІэ кьыддогушэ Хьурейр. - Язык ныкъуэхэм деж нэхъыщхьэу згъэуварр си студентым бзэр зэрищІэм и фІагъэр арэкъым, атІэ а бзэр зыІурылъ цІыхуми и хьэлщэхэрщ, гъэсэныгъэрщ, щэнхабзэрщ. Сабийм, ныбжьыщІэм, зи щІалэгъуэм и псэм щыщІэм, и гупсысэм, дуней еплъыкІэм, абы зэрызиужьымрэ зэхъуэкІыныгъэу игъуэтымрэ адэ-анэм, гъэсакІуэхэм, егъэджакІуэхэм зыхэтщІэн хуейщ, ахэр къэгъэхъун хуейщ ди льэпкъ Іущым игъащІэ лъандэрэ ящыдекІуэкІ адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ щІэту. ЩІэблэ узыншэ къызыщІэхъуэм и насыпщ. Апхуэдэ лъэпкъхэращ зыужьныныгъэ лъагэ, зэхэщІыкІ куу, пщІэ ин зиІэу дунейм тетыфынур.

Езым бгъэдэлъ псэ къулеигъэмкІэ дэтхэнэми дэгуэшэну хьэзырщ Леоренэ. ХуэзфІэкі псори цІыхум хуищІэну, абы и гурыщІэр игъэдэжну, и гупсысэм зриГъэужьну хущІэжьу психолог Іэзэм, педагог нэсым кьелъытэ узыдэлажьэ цІыхум и псэм щыщІэр зыхэпщІэн хуейуэ, хуей хъумэ, зыщІэбгъэкъуэн хуэдэу. Зи гугъуехьыгъуэм щІэгъэкъуэн узыхуэхъуар, уи ущие щІэбгъэдэІуар гъуэгу пэж теувэжмэ, абы гуапагъэрэ хуабагъэу кьыбгъэдэкІым адрейхэм уаэрыдэлэжьэн къаруущІэ кьыпхелъхъэ, Леоренэ зэреплъыкІэ.

ЗэфІих егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэ иным кьыдэкІуэу, Леоренэ ирегъэкІуэкІ щІэныгъэ-хэкъуэтэныгъэ купщІафІэхэри. Иужьрей илъэсхэм Хьурейм и кьалэмыпэм кьыпыкІа зэреджэ-методикэ лэжьыгъэхэм, щІэныгъэ-къэхутэныгъэхэм ящыщщ «Льэпкъ щэнхабзэхэм я зэпыщІэныгъэр. СпецкурсымкІэ практикум» (2010), «Инджылызыбзэр зэрыгарэгъэдж методикэ. Методикэ чэнджэщхэр» (2010), «Бзэм и мыхьэнэмрэ купщІэмрэ» (2013), «Льэпкъ хабзэхэмрэ зэпыщІэныгъэхэмрэ» (2013), нэгъэуцухьэныгъэ. Ахэр тыгъэгъэзэщІ Налшык, Донэ Іус Ростов, Краснодар, нэгъуэщІ кьалэшхуэхэми кьыщыдэкІ щІэныгъэ журналхэм.

Хьэлэлу зыпэрыт Іэнатіэм кьыщигъэльагъуэ зэфІэкІхэр кьалъытэри, Хьурей Леоренэ мызэ-мытІэу ягъэпэжащ щІыхь, фІыщІэ тхьэмкІэ. ЕгъэджакІуэ нэсым фІыгъэшхуэу кьиІыытэхэм ящыщщ и гъэсэнхэм я ехьулІэныгъэхэр и нэгу зэрыщІэкІыр. Апхуэдэ насыпыр, дауи, цІыхур зыщІэхьуэпсхэм ящыщщ.

- ГъащІэр езыр псынщІэ дыдэу макІуэ. Ар лъэхъэнэ-лъэхъэнэу гуэшащи, дэтхэнэ зы Іыхьэми езым и гупсысэ нэхъыщхьэхэр, мурадхэр щыпэрыт мэхъу, - жеІэ Леоренэ, гъащІэм тепсэльыхьу. - Си щІалэгъуэм деж ухущІокъу псэкІэ нэхъ куулей зыпщІыну, щІэныгъэ, Іэщ Іагъэ зхьэнмэту щыІэм щыгъуазэ ухъуну. Дунейр зейр щІалэгъуалэрэщи, ар пхуэгъэІуырыщІэн уи гугъэщ абы щыгъуэм. Сэри апхуэдэу сыщытагъэнщ. Ауэ сыт хуэдэу щымытми, си щІалэгъуэм зыхуэзгъэувыжьа кьалэнэхэр гъащІэм хэспщэфауэ кьысщохьу. СызыщІэхъуэпс Іэщ Іагъэр, щІэныгъэр зыІэрызгъэхьащ. Тхьэм и шыкуркІэ, сызэхэзыщІыкІ икІи сыткІи щІэгъэкъуэн кьысхэхъуэу унагъуэ тэмэм сиІэщ. Си щхьэгъусэ ХьэщІэлі МуІэзин илъэс куэдкІэ кьэралым хуэлэжьащ, аджмыпсу зегъэпсэху. Ди щІалэ закъуэ Заур гулъытэ зыхэлъ, адыгэ хабзэр, нэмысыр псом я щхьэу къэзылъытэ цІыхущ. Ди къуэрылъу цІыкІуэху Іэсхьэдрэ Данэрэ ди гъащІэм щІэщыгъуагъ, Іэфы гъэ кьыхалъхьэж.

Мы махуэхэм Хьурей Леоренэ, адыгэ бзылъхугъэ щыпкъэм, щІэныгъэ лэжьакІуэ нэсым, егъэджакІуэ икІи гъэсакІуэ Іэзэм, и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дзэ ирокъу. Леоренэ дохъуэхъу узынщагъэ иІэу, и дунейр нэхуу, дзэрэжэгъэмрэ гуфІэгъуэмрэ и бэу, и быным, абыхэм я щІэблэм я насыпым и льэр щІигъэкІрэ и гум екуэбыІэу куэдрэ псэуну.

ЖЫЛАСЭ Марита.

● Гъэсакіуэ нэхъыфІ-2015

Зайнафрэ Замирэрэ токІуэ

Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуаПІэм иджыблагъэ щекІуэкІащ «Гъэсакіуэ нэхъыфІ-2015» урысейпсо зэхьэзэхуэм и кІэух Іыхьэр. Ар къыззыригъэпэщащ егъэджэныгъэмкІэ департаментым пэщІдзэзэ щІэныгъэ зэрыгъэуэт и къудамэм и лэжьакІуэ пашэ Бэрэсэгуф Марьянэ.

ПШЫХЬЫМ и хьэщІащ Налшык и егъэджакІуэхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ. Къэпщытакіуэхэм яхэтащ егъэджэныгъэмкІэ департаментым и Іэщ-Іагъэлілэр.

Зэхьэзэхуэр Іыхьитіу екІуэкІащ. Япэщ Іыкіэ ягъэльэгъуащ гъэсакІуэхэм сабийхэм драгъэкІуэкІа лэжьыгъэхэр. ИужькІэ къэпщытакіуэхэр зэпеуэм хэт гъэсакІуэхэр щыпажьэ Іэнатіэм кІуэурэ я лэжьакІэм кІэлъыплъащ. Абыхэм зэрыжаІамкІэ, гъэсакІуэ псоми фІы и лъэныкъэкІэ зыкъагъэльэгъуащ, я Іуэху зехьэкІэми къэпщытакІуэхэр арэзы текъуащ. Ауэ зэпеуэм къиГъэуэ мардэхэмкІэ фІым я нэхъыфІыр кьыхэхьын хуейт.

Апхуэдэу щыхъуэм, зэхьэзэхуэм и кІэух Іыхьэр къызэІуихащ Налшык къалэ окруГым и щІыпІэ администрацием егъэджэныгъэмкІэ и департаментым и унафэщІ ХьэщІэмыз Светланэ. Абы жиІащ: «Мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэр егъэкІуэкІыныр икъукІэ щхьэпэщ, сыту жыІэпэмк я гъэсакІуэхэм я щІэныгъэм хэзыгъахьуэ ІуэхуэгъэфІ. Сыхуейщ дэтхэнэ зыми екъулІэныгъэ фІеныу».

Зэпеуэм хэтащ 27-нэ курыт школым елхуаэ лажьэ сабий сад №72-м и гъэсакІуэ Бозиевэ Светланэ, 13-нэ гимназием и сад №37-м и гъэсакІуэ Аслъэн Любэ, а гимназием елха сабий сад №51-м и гъэсакІуэ Сабий Алёнэ, сабий гъэсапІэ №56-м и гъэсакІуэ Лисовец Татьянэ, 21-нэ курыт школым къагъэщІлІауэ лажьэ сабий сад №36-м и гъэсакІуэ Гадиевэ Зайнаф, 4-нэ гимназием елха сад №35-м и гъэсакІуэ Бэшкіуэ Олеся, 5-нэ курыт школым елха сад №22-м и гъэсакІуэ Къэзан Тамарэ, 66-нэ прогимназием и гъэсакІуэ Гъуікіэпщ Замирэ сымэ. Ахэр чэзуэу я лэжьыгъэм тепсэльыхьащ, иужькІэ творческэ зэпеуэ ирагъэкІуэкІащ. Абы къыщагъэльэгъуащ гъэсакІуэхэмрэ сабийхэмрэ яку дэлъ зэпыщІэныгъэмрэ лъагэныгъэмрэ ятеуха теплъэгъуэхэр, кьафэхэр, гушыІэхэр. Гъэсакіуэ псоми я лэжьыгъэхэр гъэщІэгъуэнт, гум нэсырт. Дэтхэнэ зыми тыгъэхэр хуагъэфэщащ, дипломхэр ираташ.

Япэ явыпІэр лъагэсащ Гадиевэ Зайнаф. ЕтІуанэ явыпІэр хуагъэфэщащ Гъуікіэпщ Замирэ. Ещанэ зыкІи ехьулІэныгъэ фІеныр.

ЖЫЛОКЪУЭ Лусанэ.

● Налшык

Дэрбзэрхэм я утыку

Налшык къалэ администрацэм ЩэнхабзэмкІэ и управленэм фыщегъэгъуазэ къалэр илъэс 291-рэ зэрырикъум теухуауэ «Подиум Нальчик» яПэ фестивалыр зэрырагъэкІуэкІынум.

МОДЭМКІЭ фестивалым я зэфІэкІ щагъэлъэгъуэну Іэмал яІэщ зи ныбжьыр илъэс 18 хъу дэтхэнэми мыпхуэдэ унэтІныныгъэхэмкІэ:

«PretaporteDiffusion» - кІэрыщІэ цІыхум махуэ къэс щитІагъэ хъуну фэилъхьэгъуэхэр;

«PretaporteDeLuxe» - «VIP» (пшыхь, хьэгъуэлІыгъуэ, зэхьхьэ хуэдэхэм узэрыхэтыну щыгъынхэр);

«Эксперимент» (авангард) - Іуэху бгъэдыхьэкІэ, материал щхьэхуэхэр, Іэмальщ Іэхэр къыщыгъэсэбэпа фэилъхьэгъуэхэр;

«Этнодизайн» - къагъэщІэрэщІэжа лъэпкъ фащэхэр, утыку узэритыну щыгъынхэр;

Фэилъхьэгъуэхэм я гуэдэнхэр - кьэлътмакъхэр, пыІэхэр, пщэдэлъхэр, бгырыпххэр, зэрызагъэдахэ цІуутъэнэхэр.

Налшык къалэ администрацэм ЩэнхабзэмкІэ и управленэм и Іэщ Іагъэ Іэ нэхъыщхьэ Бад Бэлэ къызэрыджІамкІэ, мы фестивалыр яПэу къызыраГъэпэщ. «Иджыпсту зэхьхьэм хэтынухэр къыхьдох. ЩІалэгъуалэм щытын дизайнымкІэ яІэ зэфІэкІыр къызыкуахьнымкІэ, ар хэУщІыІу ящыныкІэ дадэІэпыкъуну ди мурадщ. Уи Іэщ Іагъэр бгъэлъэгъуэнымкІэ ар Іэмалыфіщ. Зэхьхьэр щиухкІэ дизайнер ныбжьыщІэхэм я фэилъхьэгъуэхэр «GRANDдефиле»-м утыку къыщрахьэнущ», - жиІащ абы.

Фестивалым хэтыну хуейхэм 2015 гъэм шышхьэуІум и 20 пщІондэ Налшык къалэ, ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэкІэ щыІэ проспектым тет 17-нэ унэм я тхылъхэр ягъэхь хьунущ. УпщІэ зиІэхэр фыпсалъэ мы телефонымкІэ: **77-52-12.**

● Пресс-конференцхэр



Сурэтыр **Мамий Руслан** *трихащ.*

Лас-Вегас къыпоплъэ

КъБР-м Спортымкіэ и министерствэм щекІуэкІа пресс-конференцым кърагъэблагъат Азербайджаным и къалащхьэ Баку щекІуэкІ яПэ Европей джэгуэхэм чемпион щыхъуа ди лъахэгъу Джэду Іэниуар. Ар зэхьэзэхуэм, и текІуэныгъэм теухуауэ журналистхэм ядэгуэшащ.

ДЖЭДУ Іэниуар къызэрыхигъэщащ, дышъ медалыр зэрызыІэригъэхьам, иджы ещанэу Европэм и чемпион зэрыхьыуар ар ирогушуху.

- Сэ си хьэрхуэрэгъуэхэм ерыщу сапэщІэтыным сыхуэхьэзырт. Фи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу: Баку бынэсауэ си щІалэр дунейм къызэрытехьам и хьыбар къысІэрыхьати, абы нэхъри сытригъэгушхуащ. Сэ сыщогугъІыкІ си командэм дышэ медаль къызэрыхуэсхьам, ди республикэм и цІыф фІыкІэ зэрыІуам, дэ къыддэщІыну Баку щызэхуэсахэр зэрызмыгъэщІэхъуам. Европей джэгуэхэм мазитІым нэблагъэкІэ зыхуэдэгъэзэрыщ, къриклуахэри фольагъу. Дэ дИэщ дызыдэплъеин, щапхъэ зытетхын спортсмен цІэрыІуэгъэ. Къыхэзгъэщынщи, олимп чемпион, спортымкІэ министр Хьущт Аслъэнбэч, - жиІащ Джэдум.

- Европей чемпионатыр апхуэдизкІэ гъэщІэгъуэну къызэгъэпэщащи, къызэрыслІуэтэн псалъэ къыслхуэгъуэтыркъым. Азербайджанхэр хьэщІэ фІыкІуэ зыльгъагъущ, иджыри зэ ар наІуэ ящІащ, - жиІащ Іэниуар.

Фигу къэдгъэкІыжьыщи, кІэух зэпеуэм ди лъахэгъуэм гуыхигъэщІащ Тыркум и бэнакІуэ Демиртас Сонер. Джэду Іэниуар адэкІэ зыхуигъэхьэзырынущ мы гъэм и фокІадэм Лас-Вегас щекІуэкІыну дунейпсо чемпионатым. Мэкъуаугъэсым и 25-м утыкум кьихьэнущ иджыри ди зы ди лъахэгъу - Европэм дэщІдзакІэ и чемпион, дунейм псом щыхъуныныкІэ зэхьэзэхуэм дыжьын медаль къыщызыхьа Мудрэн Беслъэн.

УАРДЭ Женя.

● Футбол

Топитхукіэщ иджы къызэрыкІэрыхужьыр

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм зи чэзу джэгуГъуэр щэбэтымрэ тхьэмахэмрэ щекІуэкІащ. Зэхьэзэхуэм яПэ увыпІищыр щызыІыгъэр абы щытекІуащ.

«КъЭХЪУНЫМРЭ» «ЛогоВАЗ»-мрэ бжыгъэ зэщхькІэ, 5:1-уэ, я хьэрхуэрэгъуэр хагъэщІащ. Япэр республикэм и къалащхьэм щыІэу «Спартак-Налшыкым» и щІалэгъуалэ гупым ефІэкІащ. Бабугентдзэхэр кърагъэблагъа «Велес»-м зыкІи щыхьакъым.

Бахьсэн и командитІыр щэбэт кІуам зэхуэзат. Абыхэм я зэпэщІэтыныгъэр гуащІэ хуэакъым икІи «Автозапчасть»-р 4:2-уэ текІуащ.

Иужьрей джэгуГъуитхум зэкІэлъхьэужьу кьыщыхагъэщІа «Нартым» икІэм-икІэжьым зыкъыужьыжащ. Абы и стадионым щыхигъэщІащ Псынэдахэ и «Родник»-р.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэр кІуэ пэтми нэхъ удэзыхьэх мэхъу. ДжэгуГъуэ кІуам «Автозапчасть»-м и пашэ Хьэбылэ Алим зэи къызэрыхэмыжанакІыфар къигъэсэбэпри, абы гъунэгъу зыкъыхуищІащ топищ Налшык щыдзэшІэгъэкІа ШащІэ Беслъэн («Къэхъун»). Иджы абыхэм я зэхуаку топитху дэлъыжу аращ.

Щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм хэт командэхэм иужьу ирагъэкІуэкІа джэгуГъуэм щыхуІуа бжыгъэхэм. *Мис ахэр:* **«Бахьсэн»** (Бахьсэн) - **«Автозапчасть»** (Бахьсэн) - **2:4**, **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«Велес»** (Къэрэгъэш) - **5:1**, **«Бедик»** (Аргудан) - **«Союз»** (Налшык) - **1:3**, **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **«Родник»** (Псынэдахэ) - **5:2**, **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«Къэхъун»** (Кьэхъун) - **1:5**, **«Къэбэрдей»** (Шэрэдж Ищхьэрэ) - **«Тэрч»** (Тэрч) - **1:3**, **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтІуанэ) - **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **1:3**. «Щтауч» (Шэджэм) - «Псыгуэнсу» (Псыгуэнсу) зэІуцІэр нэхъ иужьыІуэхэр зэхэтынущ.

Псынэдахэ икІа «Родник»-р 18:2-уэ(!) хэзыгъэщІа Нарткъалэ и «Нартым» нэхъыщІэхэм я зэхьэзэхуэм бжыпэр щиІыгъащ. Абы топи 9(!) щыдзэшІэгъэкІа Хьураныр гъуащхьауэхэм я зэпеуэм щыпашэщ. НыбжьыщІэхэм я зэхьэзэхуэм ар 31-рэ кьыхэжанакІащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Къэхъун»	13	10	3	0	50-11	33
2.	«ЛогоВАЗ»	13	10	3	0	54-20	33
3.	«Автозапчасть»	13	10	2	1	57-20	32
4.	«Кэнжэ»	13	8	1	4	42-33	25
5.	«Союз»	13	8	1	4	37-23	25
6.	«Нарт»	13	7	1	5	38-28	22
7.	«Бахьсэн»	13	6	2	5	20-30	20
8.	«Къэбэрдей»	13	5	4	4	28-27	19
9.	«Бедик»	13	5	2	6	22-24	17
10.	«Велес»»	13	5	1	7	31-49	16
13.	«Спартак-Д»	13	5	0	8	30-27	15
12.	«Шэджэм-2»	13	4	1	8	22-36	13
13.	«Тэрч»	13	4	0	9	25-45	12
14.	«Щтауч»	12	2	1	9	23-42	7
15.	«Псыгуэнсу»	12	2	0	10	12-40	6
16.	«Родник»	13	1	0	12	30-66	3

«Адыгэ псалъэ» газетым, «Іуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм, Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэр «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Щоджэн Іэминат Топаш и пхъум** хуогузавэ абы и адэ шыпхъу **Шурдым (Къарэнашэ) Лидэ Хьэжмурат и пхъур** дунейм зэрехьакам къыхэкІыу.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр
Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьэкіэмышъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Изэ.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъудзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхуэ Іапі эхэм ядэлажьэнымкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэкІаІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм ящыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм ахуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 1994 гъэм жыжьэ ауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хьэмэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Элэ, редакторуНэщІэпыджэ Замирэ, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1, 2-нэ нап.),* Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.),* *корректорхэм я дзэпыкъуэгъу* Елмэс ФатІимэ. *Компьютер Іэ газетым и теплъэр яІащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.367 ● Заказ №1076